



Pwojè Manje Jistis Piblik se yon gwoup jiridik ki goumen pou dwa ouvriye k ap travay nan domèn preparasyon vann ak agrikilti kote nou pote plent kont konpayi ki vyole dwa ouvriye sa yo.

Si ou kwè ou kapab gen yon ka pou dwa ouvriye nou ta dwe okouran, tanpri kontakte ekip jiridik nou an nan foodproject@publicjustice.net.

Pwoteksyon sekirite nan espas travay la parapò ak COVID-19

Nou te depoze plent pou goumen pou pi bon pwoteksyon sekirite nan izin yo prepare vyann yo kont COVID-19, tankou plis ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment oswa “PPE” nan lang angle) ak distans sosyal.



Konje maladi peye

Anpil eta egzije konpayi yo pou yo bay ouvriye yo konje maladi peye. (Nan eta sa yo, nou ka pote plent kont konpayi ki pa bay ouvriye yo konje maladi peye yo dwe yo.



Poz pou ale nan twalèt

Anpil patwon pa bay ouvriye yo ase poz pou ale nan twalèt, epi sa ka yon danje pou sante ouvriye yo. Nou ka pote plent kont konpayi yo pou chanje politik sa yo pou ouvriye ki gen bezwen espesyal pou ale nan twalèt yo, tankou fanm, ouvriye ki gen andikap, ak ouvriye ki pi aje yo.



Politik « Pwen » pou prezans la

Anpil konpayi sèvis yon sistèm disiplin ak « pwen » ki pini ouvriye yo lè yo pa vin travay, menm si yo malad. Nan kèk eta, politik sa yo ilegal epi nou ka pote plent pou sispann yo.

